

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra jeung manusa raket pisan patalina, lantaran mangrupa hasil tina pamikiran manusa. Karya sastra disebut salaku gambaran kahirupan manusa, teu leupas tina kahirupan sapopoé manusa. Nurutkeun Wellek jeung Warren (dina Alia, 2021, kc. 142) karya sastra minangka prosés kreatif anu ngahasilkeun hiji karya seni nu miboga ajén éstétik di jerona. Lian ti éta, karya sastra miboga mangpaat pikeun anu maca, bisa jadi hiburan ogé jadi bahan pangajaran dina kahirupan ngaliwatan karya-karya sastra anu miboga ajén-inajén di jerona.

Wangun karya sastra Sunda aya tilu, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Prosa téh wangun karya sastra anu ngagunakeun basa sapopoé anu henteu maké aturan wirahma siga pupuh. Nurutkeun Iskandarwassid (2019, kc. 171) prosa nyaéta wanda basa karangan anu rakitanana cara basa sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur intonasi anu matok. Prosa dina kasusastraan disebut fiksi atawa wacana naratif. Istilah fiksi di dieu miboga harti carita rékaan atawa carita hayalan. Ku lantaran fiksi mangrupa karya téks naratif anu teu matok kana kaayaan sabenerna. Karya fiksi nyaritakeun hal anu sipatna jieunan (rékaan), di jerona aya carita nu henteu saenyana kajadian dina kahirupan sapopoé sarta teu kudu ditéangan bebeneranna (Widayati, 2020, kc.4). Karya sastra anu kaasup wangun prosa di antarana carpon jeung novel. Dina ieu panalungtikan bakal dipedar leuwih jero ngeunaan novel.

Novel nyaéta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plot-na kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakteristik (Iskandarwassid, 2019, kc. 139). Lian ti éta, novél mangrupa karya sastra anu nyaritakeun kahirupan jalma anu imajinatif sarta ngagunakeun basa anu gampang kaharti pamaca. Sedengkeun nurutkeun Nurgiantoro (dina Aprilia spk., 2022, kc. 28) novel mangrupa hiji beungkeutan artistik, anu miboga bagéan-bagéan, unsur-unsur anu raket patalina, ogé silih kuatkeun. Salah sahiji novel Sunda nyaéta novel *Sambang* karya Dian Héndrayana anu medal taun 2023.

Unggal karya sastra tangtu miboga ajén-inajén anu aya di jerona, salah sahijina nyaéta ajén moral. Moral mangrupa salah sahiji unsur anu hayang ditepikeun ku pangarang ka pamaca. Minangka ma'na anu aya di jero karya sastra, ma'na anu diselipkeun dina caritana. Dina novel *Sambang* ogé katitén aya ajén-ajén dina kahirupan sapopoé, hususna ajén moral. Di antarana nyaéta moral manusa ka Gusti, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka manusa séjén, jeung moral manusa ka waktu.

Ajén moral penting pikeun kahirupan manusa, boh anu patalina jeung Pangéran, boh patalina jeung dirina sorangan, ogé anu patalina jeung hirup kumbuh di masarakat. Manusa ditingali tina moralna. Nalika masarakatna ngalarapkeun moral dina kahirupan sapopoé, mangka bisa ngurangan pasualan-pasualan anu aya dina kahirupan masarakat. Warta ngeunaan rajapati dina média ampir unggal poé aya. Éta ngagambarkeun yén loba kénéh manusa anu poho kana ayana moral dina kahirupan. Kukituna moral téh penting pisan pikeun diajarkeun ogé dilarapkeun ti budak kénéh sangkan miboga dadasar anu kuat ngeunaan ajén moral. Ieu panalungtikan minangka cara pikeun ngeuyeuban bahan bacaeun masarakat. Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan ajén moral dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana, dipiharep sasieureun sabeunyeureun bisa mangpaat pikeun nambahan panagaweruh ngeunaan ajén moral dina karya sastra. Saacan medar kana ajén moral, tangtu bakal dipedar heula ngeunaan strukturna heula.

Unggal wangun karya sastra miboga struktur anu ngawangun hiji carita, saperti téma, latar, tokoh, galur, jsb. Tiori struktural mangrupa salah sahiji tiori anu digunakeun dina panalungtikan sastra ku cara matalikeun unsur-unsur (struktur) di jerona sangkan jadi gembler ngahiji. Stanton nétélakeun yén unsur unsur anu digunakeun dina nganalisis struktur karya sastra ngawengku téma, fakta carita (plot, penokohan/karakter, jeung latar), jeung sarana carita (Stanton, 2007, kc. 22-62). Ieu panalungtikan ngagunakeun analisis struktural. Alesanna nyaéta analisis struktural diajén nu paling éféktif dina nganalisis novel. Nurutkeun Teeuw (dina Nugraha, 2023, kc. 63) studi struktural miboga tujuan pikeun manggihan, maham sarta ngajelaskeun kalawan jelas, jéntré, tur teleb sangkan bisa nyangking harti anu gembler, jero tur komprehénsif.

Panalungtikan saméméhna anu medar ngeunaan struktural jeung ajén moral di antarana “Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah *Drama Panti Jompo* karya Hidayat Suryalaga” ku Nurseptyatami (2023); “Kumpulan Carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)” ku Al Fahmi (2022); “Ajén Moral dina Naskah Drama *Juag Toéd* karya Yoseph Iskandar: Ulikan Struktural” ku Ramadhan (2022); “Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA” ku Devi Restika Sari (2022); “Dongéng-Dongéng di Kacamatan Sadananya Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral) ku Jenab (2020); “Novél *Teu Pegat Asih* Saduran Moh Ambri pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA: Ulikan Struktural jeung Ajén Moral” ku Novitasari (2019); “Nilai-Nilai Moral dalam Novel *Sagaras* karya Tere Liye dan Implikasinya dalam Pembelajaran Teks Novel” ku Ananda jeung Dewi (2023); “Analisis Struktur dan Nilai Moral dalam Novel *Randa Béngsrat* karya Yus Rusami” ku Indah jeung Ratnawati (2023); “Nilai-Nilai Moral dalam Novel *Imperfect* karya Meira Anastasia” ku Yuniati, spk. (2021); “Nilai Moral dalam Novel *Berdamai dengan Diri Sendiri* karya Muthia Sayekti” ku Rahmatia, spk. (2023). “Nilai-Nilai Moral dalam Novel *Ayahku Bukan Pembohong* karya Tere Liye dan Implikasinya Terhadap Pembelajaran Teks Novel di SMA” ku Sukma jeung Hafrison (2020).

Sanajan panalungtikan ngeunaan ajén moral geus loba, tapi pasualan-pasualan ngeunaan moral di masarakat (dumasar kana pasualan nu disebutkeun di luhur) téh masih tetep aya, jadi panalungtikan ngeunaan ajén moral masih perlu dilakukeun. Tangtuna aya anu ngabédakeun jeung panalungtikan-panalungtikan saacanna, nyaéta objékna. Aya anu objékna carpon, naskah drama, jeung novel. Dina ieu panalungtikan, objék anu ditalungtikna nyaéta novel *Sambang* karya Dian Héndrayana kaluaran taun 2023 anu can pernah ditalungtik saacanna.

Ku lantaran novel *Sambang* anyar kénéh jeung acan kungsi ditalungtik saacanna, ogé ngandung ajén moral. Ku kituna panalungtikan “Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)” téh perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha struktur carita anu nyangkaruk dina Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana?
- 2) Naon waé ajén moral anu nyampak dina Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsikeun aspék-aspék struktural jeung ajén moral nu nyangkaruk dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana. Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaguar struktur carita Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana. Sanggeus kitu, éta unsur-unsur meunang ngaguar téh diulik deui ngeunaan ajén moralna nepi kapaluruh ajén moral dina éta novel.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun dua hal, nya éta:

- 1) struktur carita anu nyangkaruk dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana; jeung
- 2) ajén moral anu nyampak dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana mangpaat nu sipatna téoritis jeung mangpaat nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban tur ngajembaran pangaweruh hususna ngeunaan struktur jeung ajén moral dina karya sastra Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sawatara pihak, nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, dipiharep miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh dina paélmuan sastra, hususna ngeunaan struktur jeung ajén moral dina karya sastra. Lian ti éta, minangka pangalaman dina nalungtik widang kasusastraan;
- 2) pikeun anu maca, dipiharep miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan aspék struktural jeung ajén moral nu aya dina novel. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan référénsi panalungtikan widang kasusastraan hususna ngeunaan struktur jeung ajén moral anu satuluyna bisa leuwih dimekarkeun deui;
- 3) pikeun guru, dipiharep miboga mangpaat pikeun bahan référénsi nalika ngajar. Hususna pangajaran literasi atawa novel, ngeunaan struktur novel jeung ajén moral dina novel.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh miboga struktur sistematika nulis skripsi, nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulukan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun patali jeung novel, struktur carita, fakta carita, sarana carita, ajén moral, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran ngeunaan struktur jeung ajén moral dina novel *Sambang*.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta rékoméndasi pikeun panalungtik saterusna.